



## Deklarasyon Pwoteksyon kont Degèpisman

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) te pibliye yon òdonans ki ka pwoteje ou pou yo pa degèpi ou oswa ekspilse ou nan kote ou abite a. **Sa vle di ou gendwa anmezi pou ou rete nan plas kote ou abite a jiska 31 Jiyè 2021, si ou kalifye.**

### Fason pou itilize fòm sa a

1. Gade si ou kalifye pou pwoteksyon kont degèpisman dapre òdonans CDC a. Si ou vle jwenn èd nan men yon espesyalis, kontakte nan (800) 569-4287 oswa ale nan <https://www.hudexchange.info/programs/housing-counseling/rental- eviction/> pou jwenn enfòmasyon pou kontakte yon konseye nan lojman pou zòn ou an HUD apwouve.
2. Siyen deklarasyon nan pwochen paj la ki endike ou kalifye.
3. Bay moun oswa konpayi ou lwe nan men l lan paj deklarasyon ki siyen an (pa egzanp, jesyon bilding lan, pwopriyete a, elatriye). Kenbe yon foto oswa yon kopi pou achiv ou, epi si gen yon pwoblèm, tounen rele espesyalis ou an.

## 1. Èske m kalifye?

Si ou kapab tcheke omwen yon ti kare nan chak kolòn, ou kalifye.

### Kolòn A

Mwen te resevwa yon chèk estimilis (Peman pou Enpak Ekonomik) an 2020 oswa 2021

Mwen pa te oblije rapòte okenn revni bay IRS an 2020

Nan 2020 oswa 2021, mwen te touche (oswa espere touche) **mwens ke** \$99,000 antan ke yon moun oswa **mwens ke** \$198,000 antan ke yon moun ki fè taks ansanm

Ou te pwobableman touche pi piti pase kantite lajan sa a si ou resevwa nenpòt nan avantaj ki annapre la yo:

- Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (SNAP)
- Èd Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF)
- Revni Sekirite Sipleman (SSI)
- Asirans Sekirite Sosyal pou Enfimite (SSDI)

AND

### Kolòn B

Mwen pa kapab peye tout lwaye mwen oswa fè yon peman lojman konplè paske:

Revni fwaye mwen te diminye anpil

Yo te sispann mwen tanporèman nan travay

Èdtan travay mwen oswa salè mwen te diminye

Mwen gen frè medikal estwòdinè ki sot nan pòch mwen<sup>1</sup>

**Okenn nan sa ki anwo a — Ou pa kalifye.**

**Okenn nan sa ki anwo a — Ou pa kalifye**

## Èske ou te tcheke omwen yon pwen nan chak kolòn? Nivo revni ou kalifye.

[Tcheke premye ti kare a nan pwochen paj la]

<sup>1</sup>Definisyon an se 7.5% oswa plis nan revni brit ajiste mwen (adjusted gross income) pou ane a

## 2. Deklarasyon kalifikasyon mwen

Lè m tcheke ti kare yo ki anba a, mwen deklare chak deklarasyon yo vre.

Nivo revni mwen kalifye pou rezon yo ki eksplike anwo a

Mwen te fè tout sa m kapab pou m fè peman pasyèl alè ki trè pre peman konplè a otank posib ak pou jwenn èd nan men leta pou fè peman lwaye mwen oswa peman lojman mwen.<sup>2</sup>

Si yo ta degèpi m, mwen pa gen lòt posiblite ki disponib pou lojman, kidonk mwen t ap:

- Pwobableman vin sanzabri, **oswa**
- Oblije ale nan yon abri pou sanzabri, **oswa**
- Oblije al abite avèk lòt moun k ap viv pil sou pil nan ti espas trè pre.

Mwen konprann apre m fin siyen:

- Sòf si m rive jwenn yon akò avèk mèt kay mwen an, mwen responsab toujou pou lwaye, lwaye anreta, ak nenpòt frè, penalite oswa enterè dapre kontra lwaye mwen an.
- Mwen dwe swiv kanmenm kondisyon ki nan kontra lwaye mwen an.
- Sòf si m rive jwenn yon akò avèk mèt kay mwen an, si m pa fè peman obligatwa mwen yo, yo ka degèpi m lè arè tanporè degèpisman yo fini.
- Yo kapab degèpi m kanmenm pou lòt rezon apa lwaye ki pa peye oubyen peman lojman ki pa fèt.

### Zouti depanaj pou lokatè yo

#### Jwenn èd finansye dijans pou lwaye

Rele nan (800) 569-4287 pou jwenn yon lis konseye nan lojman pou zòn ou an HUD apwouve

#### Rapòte pwoblèm avèk koleksyon dèt

Soumèt yon plent bay CFPB [cfpb.gov/complaint](https://cfpb.gov/complaint)

#### Rapòte Diskriminasyon

Soumèt yon plent. Rele HUD nan (800) 669-9777

***Mwen siyen deklarasyon sa a ak posiblite sanksyon pou fo temwayaj. Sa vle di mwen pwomèt ke deklarasyon yo ki anwo a se laverite epi m konprann yo ka pini m sou plan penal si m bay manti.***

Siyen la a:

X \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

## 3. Bay moun oswa konpayi ou lwe nan men l lan paj sa a ki siyen an.

**ATANSYON MÈT KAY:** Mèsi dèske ou konfòme ou. Lòd pwoteksyon CDC pou degèpisman an oumenm ak/oswa biznis ou an ka anba sanksyon penal, sa gen ladan amann ak yon tan nan prizon.

<sup>2</sup>Lè ou rele yon espesyalis pou zòn lan, se pi bon fason pou konnen tout èd ki disponib pou ou. Rele nan (800) 569-4287 pou jwenn yon lis konseye nan lojman pou zòn lan HUD apwouve.

<sup>3</sup>Si ou te deja siyen yon deklarasyon sispansyon degèpisman, ou pa bezwen soumèt yon lòt.